



BLÒK KONSTRIKSYON 1

Aktive ak afiche Kont Bousdetid NYC pitit ou a

Konplete etap pi ba yo pou w genyen \$25:

1

Ale sou nyckidsrise.org/activate. Defile ekran desann epi klike sou **Aktive Kont**. Apre sa klike sou **Kontinye** pou w ouvri Siveyans Epay (Savings Tracker) la.



2

Antre enfòmasyon k ap suiv la yo epi klike sou **Soumèt**:

- **Kòd postal lakay** pitit ou a
- **Dat nesans** pitit ou a
- **Nimewo Idantifikasyon Etidyan** nèf chif pitit ou a*

Nimewo Idantifikasyon Etidyan:

*Sa a se nimewo ou te itilize pou w te aktive Kont Lekòl NYC (NYC Schools Account) pitit ou. Si w pa genyen l, tanpri mande Kowòdonatè Paran lekòl ou a.

3

Antre non w ak adrès imèl ou, epi kreye yon modpas. Li epi aksepte Kondisyon Itilizasyon yo, apre sa klike sou **Kreye Pwofil Itilizatè**.

4

Ranpli Sondaj Entwodiksyon an. Asire w ke w klike sou **Soumèt**.

Konpliman dèske w konplete Blòk Konstriksyon 1 an!